



1. Amelyore sistèm transpò ak sistèm depasman moun

- Rann ni pi fasil pou moun ale kote sa yo: kote yo bay gwo sèvis swen sante, kote moun divèti yo, kote moun al etidye, nan travay ak sant kiltirèl
- Rann ni pi fasil pou moun ak machandiz deplase
- Diminye blokis
- Pwofite de chwa ki genyen nan sistèm ki ofri divès mòd transpò epi bay moun plizyè chwa
- Konplete rezo wout prensipal yo
- Ranpli twou vid ki genyen nan sèvis transpò piblik
- Fè reklam pou moutre popilasyon an yo ka konte sou sèvis transpò piblik la
- Amelyore kapasite estasyon transpò yo ak kapasite sèvis transpò yo pou yo konekte ak sèvis nan lòt rejyon
- Parèt ak dispozisyon pou mòd transpò ki pa a motè tou nan nouvo pwojè ak lè y ap rebati
- Ankouraje yo mete nouvo pwojè sou pye pou mòd transpò ki pa a motè (bisiklèt, wout pou pyeton, wout nan kote ki chaje ak plant)
- Pote plis opòtinite transpò ale vini pou moun al travay nan kominote kote moun pa gen mwayen rete

2. Ogmante sekirite sistèm transpò a pou moun k ap itilize swa sistèm transpò a motè swa sistèm transpò ki pa a motè

- Ogmante sekirite nan estasyon yo ak nan fonksyonman sistèm transpò yo
- Redui aksidan nan lari ak nan sistèm divès mòd transpò a
- Ogmante sekirite nan estasyon bis yo ak nan estasyon ki ofri divès mòd transpò ak koneksyon
- Parèt ak trajè ki an sekirite pou mennen timoun lekòl

3. Ogmante sekirite Sistèm transpò a ni pou moun k ap itilize sistèm transpò a motè ni pou sa ki sèvi ak sistèm transpò ki pa a motè

- Ogmante kapasite wout evakiyasyon yo
- Amelyore sekirite transpò pasaje nan estasyon yo ak nan fonksyonman yo
- Asire gen divès kalite transpò disponib pou granmoun aje ak moun ki andikape lè y ap evakye ann ijans
- Asire gen sekirite nan waf yo, nan ayopò yo ak nan gran estasyon yo

4. Ede soutni ekonomi zòn nan

- Bay moun plis mwayen pou yo al nan zòn travay ak kote yo travay tou
- Bay touris plis mwayen pou yo deplase ak plis kote pou yo jwenn transpò
- Mete plis mwayen pou pasaje ak machandiz kapab antre nan ayopò ak nan waf epi fè sa fèt pi byen
- Fè moun jwenn plis mwayen pou yo ale kote ki chaje ak aktivite pa mwayen divès mòd transpò



Objektif LRTP Miyamided yo **pwopeze** pou ane 2035 Fèy pou kòmantè ak sijesyon

- Pèmèt depasman kagezon (gwo chaj avyon, bato, tren ak kamyon pote) ak machandiz fèt pi byen toujou
- Parèt ak pwojè ki ankouraje devlopman ekonomik epi ki ede devlope zòn yo ankò

5. **Pwoteje anviwònman an ak kalite lavi moun ap mennen, prezève yo epi ankouraje moun konsève enèji**

- Fè estasyon transpò yo, sèvis transpò yo ak fonksyònman sistèm transpò a pa gen anpil konsekans sou bon kalite lè a ak bon kalite dlo yo epi tou met kontwòl sou dega bagay sa yo fè sou bon kalite lè a ak bon kalite dlo yo
- Redui sou itilizasyon enèji fosil
- Fè pwomosyon pou pwojè ki ankouraje itilizasyon espas vid nan vil yo ak konsantrasyon devlopman
- Diminye kantite dega ki fèt nan zòn ki sansib a anviwònman an, evite fòs dega sa yo oubyen redui fòs yo
- Ofri estasyon ak sèvis transpò ki pa domaje anviwònman an
- Redui sou kantite move konsekans ki fèt sou katye ki deja la
- Ankouraje tèt ansanm ant amelyorasyon sistèm transpò ak plan kwasans lokal ak devlopman ekonomik
- Mete yon sistèm priyorite nan fason pou finanse pwojè yon fason pou favorize pwogrè k ap fèt anndan limit devlopman vil yo epi pwogrè k ap fèt pou laji vil yo ki vin apre

6. **Fè sistèm transpò a vin gen plis kapasite pou li konekte divès mòd transpò ansanm epi pou li fè yo fè yon sèl pou moun ak kagezon**

- Amelyore jan sistèm sa yo konekte youn ak lòt: sistèm estratejik ki sèvi ak plizyè kalite mòd transpò a (Strategic Intermodal System - SIS) ak estasyon ki desèvi plizyè mòd transpò yo
- Ofri chwa divès mòd transpò (bisiklèt, wout pou pyeton, transpò piblik) ki tonbe daplon ak plan konplè gouvènman lokal la genyen
- Rann koneksyon ant plizyè mòd transpò pi fasil
- Sèvi ak teknik planifikasyon transpò ak teknik planifikasyon itilizasyon tè, tankou devlopman ki fèt pou transpò piblik, ki genyen koneksyon ak kòdinasyon ant plizyè mòd transpò
- Fè machandiz deplase pi byen gras a pi bon mwayen ki genyen pou moun sèvi ak divès mòd transpò ak lòt pwogrè ki fèt nan enfrastrikti ki desèvi gwo transpò kagezon k ap antre soti nan Miyamided Konnti
- Ankouraje sistèm ki pote avantaj ak koperasyon atravè tout mòd transpò yo pou amelyore sistèm yo sèvi pou deplase kagezon epi amelyore kapasite pou sa byen fèt

7. **Pwofite de bon jan estrateji envestisman pou administrasyon ak fonksyònman sistèm transpò yo**

- Pran tout kalite avantaj ki genyen nan lajan ki envesti nan tè ak bildin
- Pran tout avantaj ki genyen nan depans ki fèt pou fonksyònman ak sèvis antretyen
- Sèvi byen ak Fon popilasyon an pou plan transpò (People's Transportation Plan)



Objektif LRTP Miyamided yo **pwopoze** pou ane 2035

Fèy pou kòmantè ak sijesyon

- Sèvi byen ak Finansman sektè prive a
- Pran tout avantaj ki genyen nan sèvi ak Finansman Eta a ak gouvènman federal la
- Ankouraje pwojè amelyorasyon lokal nan kontèks amelyorasyon sistèm yo

8. Fè sistèm transpò ki la kounye a bay tout rannman li kab bay epi prezève li

- Kontinye egzamine regleman ak itilizasyon liy espesyal yo sou sistèm ki la kounye a
- Chèche konnen ki pi bon teknoloji ki ak dènye teknik ki disponib epi mete yo ann aplikasyon pou amelyore kapasite sistèm transpò a ak fason pou sistèm nan bay bon rannman
- Idantifye wout koneksyon yo ak dwa priyorite yo (sou wout yo, sou ray tren ak sou wout lanmè) epi fè rezèvasyon sou yo, pou estasyon ak sèvis transpò ki gen pou fèt pi devan
- Elaji kad itilizasyon estrateji nan jèsyon demann transpò
